

Liv pou Pasyan



Misyon nou...

UCFS Healthcare ap fè tout sa li kapab pou eliminen diferans nan nivo sante, ak amelyore sante ak byennèt kominote a.

Vizyon nou...

Poutèt ranman li bay, ak repitasyon li, ak patenarya li fè, UCFS Healthcare pral pi bon chwa nan Lès CT kòm swen sante ki santre sou pasyan.

UCFShealthcare.org

United Community & Family Services

Liv pou Pasyan

Kote ou ka jwenn swen yo

Sant Sante Familyal Edward and Mary Lord

47 Town Street
Norwich, CT 06360
(860) 892-7042



** Swen prensipal pou moun majè, medsin pedyatrik, jinekoloji, sèvis pou sante konpòtmantal ak dantis*

Lè yo travay:

Swen pedyatrik ak swen prensipal pou moun majè

Lendi - Jedi - 8 am - 7 pm

Vandredi - 8 am - 5 pm

1ye ak 3zyèm samdi chak mwa - 9 am - 1 pm

Sante fanm

Lendi - Vandredi - 8 am - 5 pm

Swen dantis

Lendi - Jedi - 8 am - 7 pm

Vandredi - 8 am - 5 pm

1ye ak 3zyèm samdi chak mwa - 9 am - 1 pm

Sèvis pou sante konpòtmantal

Lendi - Jedi: 8 am - 7 pm

Vandredi - 8 am - 5 pm

Biwo sante konpòtmantal New London

351 North Frontage Road, Suite 24
New London, CT 06230
(860) 442-4319

**Sèvis pou sante konpòtmantal, swen prensipal*

Lè yo travay:

Sèvis pou sante konpòtmantal

Lendi - Jedi - 8 am - 7 pm

Vandredi - 8 am - 5 pm

Swen Prensipal

Madi ak Mèkredi – 8 am - 4 pm

Jedi – 11 am - 7 pm

Sant Sante Plainfield

120-122 Plainfield Road
Moosup, CT 06354
(860) 822-4938



** Swen prensipal pou moun majè, medsin pedyatrik, ak sèvis pou sante konpòtmantal*

Lè yo travay:

Swen pedyatrik ak swen prensipal pou moun majè

Lendi, Jedi ak Vandredi - 8 am - 5 pm

Jedi ak Mèkredi – 8 am - 7 pm

Sant Sante Plainfield

Sèvis pou sante konpòtmantal

Lendi ak Vandredi - 8 am - 5 pm

Madi - 7 am - 7 pm

Mèkredi – 8 am - 7 pm

Jedi – 7 am - 6 pm

Sant Sante Griswold

226 Main Street
Griswold, CT 06351
(860) 376-7040



** Swen prensipal pou moun majè, medsin pedyatrik, ak sèvis pou sante konpòtmantal*

Lè yo travay:

Swen pedyatrik ak swen prensipal pou moun majè

Lendi ak Vandredi - 8 am - 5 pm

Madi - Jedi – 8 am - 7 pm

2zyèm ak 4ryèm Samdi nan chak mwa – 9 am - 1pm

Sèvis pou sante konpòtmantal

Lendi - Jedi - 8 am - 7 pm

Vandredi – 8 am - 5 pm

2zyèm ak 4ryèm Samdi nan chak mwa – 9 am - 1pm

Swen dantis

Lendi ak Madi - 8 am - 6 pm

Mèkredi - 10:30 am - 7 pm

Jedi ak Vandredi 8 am - 4 pm

Biwo sante konpòtmantal Colchester

212 Upton Rd. Suite C
Colchester, CT 06415
(860) 537-7676

**Sèvis pou sante konpòtmantal*

Lè yo travay:

Sèvis pou sante konpòtmantal

Lendi, Madi, Jedi – 8:30 am - 7 pm

Mèkredi – 8 am - 7 pm

Vandredi - 8 am - 5 pm

Ou ka estasyonnen oto ou gratis nan tout kote yo. Lokal Norwich and Griswold yo sou wout otobis la. Ou ka antre nan kote yo sou fotèy woulan.

Remak:

**Sèvis yo ofri nan sant sante patikilye.*

UCFS genyen dosye sante elektwonik nan tout sant yo. Ou ka gen posiblite pou ale nan yon lòt sant, si sant kote ou konn ale a pa louvri.

Kote ou ka jwenn swen yo

Sant Sante nan Lekòl nan Montville High School

800 Old Colchester Road
Oakdale, CT 06353
(860) 822-4914

**Medsin pedyatrik ak sèvis pou sante konpòtmantal*

Lè yo travay:

Sèvis pou sante pedyatrik

Lendi, Mèkredi ak Vandredi - 7:30 am - 2:30 pm

Sèvis pou sante konpòtmantal

Lendi - Vandredi - 7:30 am - 2:30 pm

(Lè yo swiv kalandriye eskolè a)

Sant Sante nan Lekòl nan Norwich Technical High School

7 Mahan Drive
Norwich, CT 06360
(860) 822-4909

**Medsin pedyatrik ak sèvis pou sante konpòtmantal*

Lè yo travay:

Sèvis pou sante pedyatrik

Madi ak Jedi - 7:30 am - 2:30 pm

Sèvis pou sante konpòtmantal

Madi ak Jedi - 7:30 am - 2:30 pm

(Lè yo swiv kalandriye eskolè a)

Sant Sante nan Lekòl nan Norwich Free Academy

305 Broadway
Norwich, CT 06360
(860) 425-5557

**Medsin Pedyatrik ak Sèvis pou Sante Konpòtmantal*

Lè yo travay:

Sèvis pou sante pedyatrik

Lendi - Vandredi – 7:30 am - 2:30 pm

Sèvis pou sante konpòtmantal

Lendi - Vandredi – 7 am - 2 pm

(Lè yo swiv kalandriye eskolè a)

Sant Sante nan Lekòl nan Kelly STEAM Magnet Middle School

25 Mahan Drive
Norwich, CT 06360
(860) 934-1101

**Sèvis pou sante konpòtmantal*

Lè yo travay:

Sèvis pou sante konpòtmantal

Lendi - Vandredi - 8:00 am - 3 pm

(Lè yo swiv kalandriye eskolè a)

Sant Sante nan Lekòl nan Global Studies Magnet Middle School at Teachers Memorial

15 Teachers Dr.
Norwich, CT 06360
(860) 934-1150

**Sèvis pou sante konpòtmantal*

Lè yo travay:

Sèvis pou sante konpòtmantal

Lendi - Vandredi – 8 am - 3 pm

(Lè yo swiv kalandriye eskolè a)

Sant Sante nan Lekòl nan Stanton Elementary School

386 New London Turnpike
Norwich, CT 06360
(860) 934-1107

**Sèvis pou sante konpòtmantal*

Lè yo travay:

Sèvis pou sante konpòtmantal

Lendi - Vandredi – 9 am - 4:00 pm

(Lè yo swiv kalandriye eskolè a)

Sant Sante nan Lekòl nan Waterford High School

20 Rope Ferry Road
Waterford, CT 06385
(860) 822-2803

**Medsin Pedyatrik ak Sèvis pou Sante Konpòtmantal*

Lè yo travay:

Sèvis pou sante pedyatrik

Lendi, Mèkredi, Vandredi – 7:25 am - 2:10 pm

Sèvis pou sante konpòtmantal

Lendi - Vandredi – 8 am - 3 pm

(Lè yo swiv kalandriye eskolè a)

Sant Sante nan Lekòl nan Clark Lane Middle School

105 Clark Lane
Waterford, CT 06385
(860) 822-2803

**Medsin Pedyatrik ak Sèvis pou Sante Konpòtmantal*

Lè yo travay:

Sèvis pou sante pedyatrik

Lendi, Mèkredi, Vandredi – 7:50 am - 2:35 pm

Sèvis pou sante konpòtmantal

Lendi - Vandredi – 8 am - 3 pm

(Lè yo swiv kalandriye eskolè a)

Waterford Country School

78 Hunts Brook Road
Quaker Hill, CT 06375
(860) 442-9454

**Swen Prensipal*

Lè yo travay:

Sèvis pou sante pedyatrik

1ye ak 3zyèm Jedi nan chak mwa

12 pm - 4 pm

(Lè yo swiv kalandriye eskolè a)

Kouman pou mande yon randevou:

Rele sant sante/biwo kote ou vle ale a, pou pran premye randevou ou, oswa pou pran yon randevou pou yon vizit suivi. Yo pral mande w si ou gen yon founisè sèvis ou pito. Ou ka gade tou nan [MyChart](#) sou sit entènèt nou an, www.ucfs.org pou voye demann pou yon reprezantan sèvis kliyantèl la kontakte ou pou [pran yon randevou](#), oswa pou chanje/ànile randevou ou genyen. Tanpri fè nou konnen si ou gen yon pwoblèm pou tande, oswa pou wè, oswa yon andikap fizik, oubyen si ou bezwen yon entèprèt, pou nou kapab satisfè bezwen ou.

Randevou nan menm jou a

Nou ka bay randevou medikal nan menm jou a, plis vizit imedyat pou pasyan ki parèt nan sant lan pou mande egzamen dantis ak tretman ijan. Lè sa posib, nou konseye pou w rele davans pou pran yon randevou. Sèvis medikal yo kapab bay randevou aswè, nan swa yo louvri nan chak sant ki fè swen medikal. Nou konseye w ale wè founisè sèvis prensipal ou, men li posib pou ou kapab ale nan yon lòt sant, dapre bezwen ou genyen. Gen enfimiyè ki la ant 8 a.m. - 4:30 p.m. depi lendi jiska vandredi pou ba ou konsèy sou kesyon medikal ou.

Swen nan telefòn apre lè sèvis yo

Si ou gen yon ijans medikal, tanpri rele 911. Si sa posib, ale nan sèvis ijans nan lopital ki pi pre a.

Pou tout lòt kesyon sante, rele nimewo sant sante a, epi y ap konnekte w avèk sèvis ki reponn pou kesyon sante a, k ap transfere tout apèl ak tout pwoblèm yo bay founisè swen ki desèvis la. Yo pral mande w bay non, ak nimewo telefòn ou, ak yon deskripsyon bezwen medikal, bezwen dantis, ak pwoblèm sante konpòtmantal ou. Y ap retounen apèl tout moun ki rele yo anvan 30 minit.

Pou ànile yon randevou

Nou byen konprann, gen kèk fwa li ka pa posib pou kenbe yon randevou. Nou gen yon règ 24 èdtan pou randevou yo, kidonk nou mande w fè nou konnen omwen 24rè davans si ou bezwen ànile randevou ou genyen an, oswa pi bonè ou kapab. Pou fè sa, ou ka rele biwo kote ou resevwa swen sante a, oswa ale nan adrès [MyChart](#) ki se mychart.ochin.org.

Transpò

Kòm kliyan oswa paran/responsab legal yon kliyan UCFS, ou gen responsablite pou fè aranjman pou ale ak tounen nan klinik la. Tout pwogram yo nan yon kote ou ka rive fasil, epi yo gen anplwaye ki kapab fasilite kliyan yo pou yo vin chèche sèvis. Sant nou yo nan kote ki fasil pou moun rive, toupre transpò piblik, epi yo pèmèt moun ale fasil nan lòt kote ki sèvi kominote a.

Pou rive nan yon randevou

Tanpri, chèche rive avèk 15 minit davans nan kote ou gen randevou a, pou kite tan pou enskri ak anrejistre. Si se premye vizit ou, tanpri chèche rive avèk 30 minit davans sou lè ou gen randevou a, pou w kapab jwenn tan pou pare dokiman pou nouvo pasyan yo. (Ou ka ale nan [MyChart](#) tou, pou telechaje davans dokiman w ap bezwen pou anrejistre.) Pou chak vizit, pote kat asirans ou ak yon lis ki montre medikaman w ap pran lè sa a.

Kisa ou dwe pote pou premye vizit la

- Kat asirans
- Dokiman ki montre salè w (2 souch peman) pou w kapab patisipe nan Barèm Varyab pou Peman an (pou peye mwens dape salè w)
- Istwa medikal konplè ou, ak dosye ki soti nan biwo doktè ki te swen ou anvan, san bliye espesyalis yo tou
- Yon lis ki montre medikaman preskripsyon w ap pran lè sa a, tankou vaksen ak medikaman alèji
- Si ou se reponsab legal yon minè, tanpri pote prèv ki montre sa.

N ap fè kopi tout papye sa yo lè ou vin fè premye vizit la, epi n ap konsève yo nan achiv nou; men sèlman, pou verifye si nou genyen dènye bon enfòmasyon yo, n ap mande wè ak korije enfòmasyon pèsonnèl ou nan chak vizit, epi n ap gade tout papye anrejistremant yo yon fwa chak ane. N ap mande w tou pou ou pote papye ki montre salè w yon fwa chak ane, pou nou konfime patisipasyon ou nan Barèm Varyab pou Peman an.

Pwosedè pou ijans medikal pandan ou nan sant lan

Si gen yon ka ijans medikal ki mande tretman ijans pandan kliyan an nan sant lan, anplwaye yo pral rele 911 pou mande voye pèsònèl pou ijans. Yon anplwaye ap avèti sipèvizè dirèk li, ak ekri yon rapò sou ka a.

Peman

Yo mande pou pasyan yo pote peman patisipasyon an, lè yo vini pou resevwa sèvis yo. Kantite lajan pou peman patisipasyon an ekri sou kat asirans pasyan an. Nou aksepte chèk, Visa, Mastercard, oubyen kach.

Enfòmasyon sou asirans:

UCFS aksepte pifò nan plan asirans yo. Anplwaye UCFS yo mande ak resevwa otorizasyon pou asirans, epi yo mande li ankò si sa nesèsè. Anplwaye nou yo ka ede yon pasyan tou, pou fè aplikasyon pou Pwogram Asistans Alimantè Siplemanntè a (ki rele tou SNAP), ak pou pwogram asistans nan famasi. Anplwaye yo bay asistans tou pou moun ki enterese nan fè aplikasyon pou Medicaid, HUSKY, oswa Healthy Start.

UCFS fè sèvis yo san gade si yon moun kapab peye, kit li genyen oubyen pa genyen asirans.

UCFS kapab ede ou satisfè obligasyon finansyè ou nan jan sa yo:

Pwogram pou Jwenn Swen (Access to Care Program)

- Ou kapab kalifye pou jwenn asirans medikal gratis dapre kantite lajan tout moun lakay ou touche.
- Espesyalis pou Jwenn Swen nou an kapab ede w:
- Gade si ou kalifye pou HUSKY, oswa Medicaid, oswa yon plan pou sante ki kalifye nan Access Health CT
- Swiv etap pou fè aplikasyon yo
- Fè aplikasyon pou jwenn medikaman gratis oswa pi bon mache
- Jwenn enfòmasyon sou lòt pwogram ak sèvis ki nan kominote a

Ou mèt rele nimewo (860) 822-4798, oswa voye yon kourye elektwonik nan adrès accesstocare@ucfs.org pou mande yon randevou avèk yon espesyalis Access to Care.

Barèm Varyab pou Peman

UCFS ofri yon pwogram ki gen barèm varyab pou peman, pou kliyan ki touche sèlman 200% nivo federal pou moun pòv la (federal poverty level, oswa FPL), oubyen mwens. Barèm varyab pou peman UCFS la tabli dapre kantite moun ki nan fanmi kliyan an, ak kantite lajan tout moun lakay li touche. Si yon kliyan pa bay enfòmasyon sou lajan li touche, l ap oblije peye pou sèvis UCFS yo nan pri nòmal. Ou mèt rele nimewo (860) 822-4367, oswa voye yon kourye elektwonik nan adrès billing@ucfs.org pou mande yon randevou.

Aranjman pou Peman Vizit Kounye a ak Vizit pi Devan

Aranjman pou Peman an pral pèmèt ou peye chak semenn, oswa chak kenzen, oswa chak mwa pou tout sèvis ou resevwa pandan mwa a. Ou mèt rele nimewo (860) 822-4367, oswa voye yon kourye elektwonik nan adrès billing@ucfs.org pou pran randevou pou yon konsiltasyon.

Plan Peman pou Lajan ki Rete pou Peye

Plan Peman an pral pèmèt ou peye chak semenn, oswa chak kenzen, oswa chak mwa jouktan ou fin peye tout lajan ou rete pou peye a. Kantite lajan nan chak peman, ak kantite peman ou dwe fè yo pral deside pandan konsiltasyon finansyè ou avèk Konseye Finansye pou Pasyan UCFS la. Ou mèt rele nimewo (860) 822-4367, oswa voye yon kourye elektwonik nan adrès billing@ucfs.org pou pran randevou pou yon konsiltasyon.

Renouvle preskripsyon medikaman

Pou renouvle preskripsyon pou medikaman, premye sa ou dwe fè, se kontakte famasi ou. Bay 48 èdtan pou yo reponn demann ou. Pou plis asistans nan renouvle yon preskripsyon, ou mèt rele sant kote ou resevwa swen an.

Remak: Si ou se yon pasyan Sèvis pou sante konpòtmantal, epi ou bezwen renouvle yon kòmman pou yon sibstans kontwole, ou mèt rele nimewo (860) 892-7042, epi peze #2 pou BHS, epi peze #3 pou BHS Medline, ak kite yon mesaj. Tout mesaj yo pral reponn anvan 48 èdtan.

Règleman sou tretman doulè kwonnik pou tout nouvo pasyan

Tretman doulè kwonnik kapab difisil, epi sa kapab mande anpil diferan tretman oswa konbinezon tretman anvan ou rive jwenn soulajman. Bon sante se premye objektif nou, kidonk pwofesyonèl sante nou yo pral travay avèk ou tankou yon ekip, pou gade kisa ki pi bon plan tretman medikal pou ou.

Li kapab pa menm avèk sa pwofesyonèl sante ou te konn fè anvan pou ou, epi li pa pral genyen opyat ladan, sòf nan kèk eksepsyon tankou tretman pou kansè. Nan pami opyat yo, genyen: Vicodin, Percocet, Oxycontin, ak Morphine, epi lòt medikaman doktè konn preskri.

Rekòmandasyon doktè

Gen anpil plan asirans, espesyalman plan ki gen swen administre yo, ki mande rekòmandasyon pou fè yon tès oswa pou yon randevou avèk yon espesyalis. Pasyan an dwe gen rekòmandasyon pou nenpòt sèvis ki pa nan sèvis doktè prensipal li fè dirèkteman. Ou pral bezwen resevwa rekòmandasyon sa yo pi vit ou kapab, apre yo ba ou randevou pou ale fè yon tès oswa pou wè yon espesyalis.

Tout moun ki gen asirans dwe chwazi yon doktè prensipal, ki ka voye li nan kote yo fè lòt kalite swen sante, avèk rekòmandasyon. San rekòmandasyon, asirans la pa pral peye pou vizit la, epi pri a ka tounen responsablite ou.

Men pwosedi nòmal pou fè pwosesis rekòmandasyon an pi fasil pou ou:

- Li plan asirans ou, pou w kapab abitye avèk li.
- Pale avèk doktè prensipal ou lè ou gen pwoblèm medikal, pou w ka jwenn rekòmandasyon pou yon espesyalis oswa pou fè tès.
- Tann omwen 48 èdtan pou rekòmandasyon an kapab pare.
- Konsa rekòmandasyon an pare, yo pral voye l nan faks, oswa telefone pou li, oswa voye l nan lapòs bay doktè, oswa enstitisyon, oswa lòt founisè sèvis pou yo sèvi.

Enfòmasyon sou Sistèm Iminizasyon CT

Paske lalwa mande sa, epi pou pwoteje sante w, doktè ou pral pataje enfòmasyon sou iminizasyon ou (sa ki vle di "piki" oswa "vaksen" ou pran) avèk Depatman Sante Piblik nan Eta Konnektikit la (DPH, ki vle di "Department of Public Health"). DPH pral konsève vaksen ou yo nan yon sistèm iminizasyon li genyen ki rele CT WiZ. CT WiZ ede garanti ou pran vaksen ou bezwen yo, pou pwoteje w kont maladi vaksen kapab anpeche antre sou ou. Si yo pèdi dosye vaksen ou, oubyen yo pa kapab gade li, DPH ap kapab pataje li avèk ou ak doktè ou. Ou gen dwa deside pou yo pa mete enfòmasyon sou vaksen ou nan CT WiZ, si ou voye yon demann ekri pou sa bay Pwogram Iminizasyon DPH la. Sistèm iminizasyon yo kapab ede anpeche ak kontwole maladi. Tout enfòmasyon yo ap rete konfidansyèl, jan lalwa mande sa.

United Community & Family Service se yon Enstitisyon Medikal ki Santre sou Pasyan (Patient Centered Medical Home - PCMH) kote yo Travay an Gwoup.

Nou santre swen medikal nou yo sou ou. Modèl swen PCMH la kreye ekip ki ede ou konprann tout sèvis ou pral resevwa yo, oubyen ou ka bezwen pi devan - menm si sèvis yo pa fèt nan sant swen prensipal nou an.

Ou menm, fanmi w, ak sant swen sante nou an travay tankou yon ekip pou garanti ou resevwa bon jan swen ou bezwen an, nan moman ou bezwen li. Nan UCFS, ekip swen sante nou yo fè patnè avèk ou ak fanmi w, epi yo fèt tout sa yo kapab pou konprann ak respekte bezwen espesyal ou genyen, ansanm avèk kilti ak valè ou kwè ladan yo, ak sa ou pito.

Nou vle jwe yon wòl aktif nan ekip pou swen ou. Anplwaye nou yo ap mande w si ou gen yon doktè ou pito. Objektif nou, se fè randevou yo pou ou dapre sa ou di ou pito a. Nou pral sipòte w nan aprann administre ak òganize pwòp swen sante w. An menm tan n ap rekonnèt ou menm ak fanmi w kòm manm prensipal nan ekip pou swen an, n ap travay di, pou fè w jwenn swen konplè ak byen òganize dapre metòd estanda ki chita sou prèv.

Men kèk nan mwayen nou sèvi yo pou bay sipò:

- Swen pedyatrik pou ka ijans pandan wikenn, pou w pa oblije ale nan sèvis ijans lè pitit ou malad. Toujou rele pedyat UCFS ou an premye.
- Ou ka ale nan MyChart pou chanje/ànile randevou ou deja genyen, oswa gade rezilta laboratwa (swen doktè prensipal sèlman), ak bay dènye enfòmasyon ki fenk chanje, oubyen sèlman poze yon kesyon.
- Randevou nan aswè, randevou nan menm jou a, ak sipò nan telefòn 24 sou 24
- Posiblite pou vini san randevou pou ijans dantè nan Sant Sante Norwich
- Asistans pou jwenn rekòmandasyon doktè
- Fè pasyan sonje randevou
- Sipò nan telefòn pou moun ki pale lòt lang
- Kontakte w apre ou resevwa swen kòm pasyan entènè oubyen nan sèvis ijans, pou wè si ou bezwen lòt randevou
- Lè yon lopital lokal fè nou konnen li entènè w, nou bay lopital la yon rezime enfòmasyon sou swen ou deja resevwa
- Bay espesyalis la yon rezime enfòmasyon sou swen ou resevwa, lè nou ba ou yon rekòmandasyon.

MyChart

Ou kapab fè aktivite sa yo sou Pòtay Pasyan nou an, kèlkeswa kote ou ye, depi ou kapab antre sou entènèt: *Ou dwe resevwa yon envitasyon nan mesaj elektwonik pou anrejistre sou pòtay pasyan an. Si ou bezwen plis enfòmasyon, mande yon manm nan ekip nou an.

- Jwenn aksè dirèk nan enfòmasyon sou sante
- Mande ak chanje randevou
- Gade rezilta laboratwa
- Resevwa ak voye mesaj sekirize bay founisè sèvis ou
- Telechaje dokiman ou bezwen
- Gade dosye w nan nenpòt ki aparèy ki konnekte sou entènèt
- Mete dènye enfòmasyon demografik ki genyen yo
- Peye bòdwo

RESOUS KI BON POU VIV AN SANTE

Sispann fimèn



CT Quitline: 1-800-QUIT NOW,
www.quitnow.net/connecticut

Backus Hospital Freedom from Smoking Group

860-889-8331 - Kotizasyon \$50 ki ranbousab si moun lan vini asiste tout seyans yo

Klas Day Kimball pou kite fimèn:

860-928-6541, pòs 2083 oswa 2015

Ledge Light Health District, New London

Commit to Quit (Pran angajman pou kite): (860)-448-4882, pòs 309

Alimantasyon



UCONN Cooperative Extension, Norwich: Pwogram Edikasyon Fanmi sou Nitrisyon ak sou Koupon Alimantè, gratis: 860-887-6599

Pwogram TVCCA pou Fanm, Tibebe, ak Timoun (WIC): 860-425-6620

Pwogram Day Kimball pou Fanm, Tibebe, ak Timoun (WIC): 860-928-3660

Moun ki jwe



Bettor Choice Gambling Treatment Program:

Norwich, New London: 860-823-3094

CT Council on Problem Gambling:

www.ccp.org, 1-888-789-7777

Problem Gambling Services: 860-344-2244

Ou kapab fè konvèsasyon dirèk avèk yon moun, nan adrès www.ucfs.org

Kontwòl dyabèt



Diabetes Management Center, Backus Hospital, Norwich: (860) 892-6906

American Diabetes Association, 1-800-DIABETES, www.diabetes.org

National Diabetes Education Program, www.ndep.nih.gov

Kilti fizik ak kontwòl pwa

Backus Weight Loss Center,

Norwich: 860-425-8740

Enjoy LIFE (Envestisman pou tout lavi nan kilti fizik ak egzèsis), Plainfield Recreation Center: (860)-889-8331, pòs 2405

Let's Move! www.letsmove.gov

CURVES

– Jewett City, 860-376-8325



Sante mantal ak Kontwòl estrès ak

abi dwòg

United Community and Family Services

– Norwich: 860-892-7042

– Jewett City: 860-376-7040

– Plainfield: 860-822-4751

– Colchester: 860-537-7676

– New London: 860-442-4319



Southeastern Mental Health Authority, Norwich

860-859-4500

Alcoholics Anonymous CT: www.aact.org

Kontwòl maladi kè



Backus Hospital Community pou depistaj pwoblèm tansyon, Norwich - louvri nan 3zyèm mèkredi chak mwa, (860)-889--8331, pòs 2495

American Heart Association,

1-800-242-8721

www.heart.org

Million Hearts—resous ki fè jwenn zouti pou ede kontwole maladi kè, ak danje aksidan vaskilè, ak tabli objektif sante ou kapab administre, www.millionhearts.hhs.gov

LIS RESOUS NAN KOMINOTE

Kontak pou Ijans



Lapolis, Ponpye, Sekou - 911
Kontwòl pwazon - 1.800.222.1222
Nimewo espesyal pou suisid - 1.800.273.8255
Nimewo espesyal pou vyolans nan fanmi 1.888.774.2900
Nimewo espesyal pou vyolans sou timoun 1.800.842.2288
Nimewo ijans pou gwosès - 1.888.668.2.5283

Rekòmandasyon jeneral

United Way 2-1-1



Lè ou rele 2-1-1, ou ka jwenn dènye enfòmasyon ki genyen yo, ak rekòmandasyon pou tout sa ou bezwen, tankou refij, rad, asistans finansyè, lojman, manje, ak asistans pou elektrisite ak chofaj.

Aistans finansyè

Pwogram Depatman Sèvis Sosyal nan CT
1.800.473.8909
www.ct.gov/dss



Pwogram Sèvis pou Moun nan Norwich
1.860.823.3778
www.norwichct.org

Asistans pou lojman



Pwogram TVCCA, Seksyon 8 pou lojman
1.860.425.6545
www.tvcca.org

Pwogram Ajans Lojman nan Norwich
1.860.887.1605
www.norwichct.org

Pwogram Ajans pou Lojman ak Finans nan CT
1.860.721.9501
www.chfa.org

Pwogram Charite Katolik
1.860.889.8346
www.ccfns.org

Asistans pou manje

Pwogram WIC ak TVCCA pou Moun ki gen anpil laj
1.860.425.6545
www.tvcca.org

Asistans pou manje - kontinye

Pwogram Asistans pou Sipleman Nitrisyon nan CT (SNAP)
1.800.842.1508
www.ct.gov/dss



Asistans pou rad ak mèb

Pwogram Charite Katolik
1.860.889.8346
www.ccfns.org



Pwogram Madonna Place
1.860.886.6600
www.madonnaplace.org

Pwogram Lame Disali (Salvation Army) - 1.860.889.2329

Asistans pou elektrisite ak chofaj

Pwogram Connecticut Light & Power
1.800.286.2828
www.cl-p.com



Pwogram Yankee Gas
1.800.438.2278
www.yankeegas.com

Pwogram TVCCA
1.860.425.6681
www.tvcca.org

Transpò ak Kominikasyon

Pwogram Transpò pou Travay
1.860.859.4100, pòs 22
www.ewib.com



Pwogram Transpò Reliance House
1.860.885.1908, pòs 264
www.reliancehouse.org

Pwogram Assurance Wireless
1.800.392.3850
www.assurancewireless.com

VEYO, Total Transit Company
1.855-478-7350

Asistans nan lang

Literacy Volunteers of Eastern CT
1.860.443.4800
www.englishhelp.org

Jwenn travay

Pwogram CT Works
860.859.5777
www.ctdol.state.ct.us



Pwogram Travay nan Connecticut Easter Seals
860.859.4148
www.easterseals.com

Sèvis pou Jenn Moun ak Fanmi nan Norwich
860.823.3782
www.norwichct.org

Pwogram TVCCA
860.425.6603
www.tvcca.org

Verifikasyon elijiblite anliy

<https://connect.ct.gov/access/>
<http://www.211navigator.org/>
<http://cafcalculator.cafca.org/>



Sante ak resous pou swen sante

Planned Parenthood (Kontwòl Nesans)
1.800.230.7526
www.plannedparenthood.org

CT Birth to Three System
(Sistèm pou Nesans jiska Twazan nan CT)
1.800.505.7000
www.birth23.org



Mental Health Association of CT
(Asosyasyon pou Sante Mantal nan CT)
1.800.529.1970
www.mhact.org

National Alliance on Mental Health Illness
(Alyans Nasyonnal pou Sante Mantal)
860.882.0236
www.nami.org

Community Substance Abuse Centers
(Sant Kominotè pou Moun ki Pran Dwòg)
860.247.8300
www.csacmethadone.com

Alcoholics Anonymous (Alkòlik Anonim)
1.866.783.7712
www.aa.org

Sante ak resous pou swen sante - kontinye

Narcotics Anonymous (Nakotik Anonim)
1.800.627.3543
www.na.org

TVCCA Pharmacy Assistance Program
(Pwogram Asistans pou Medikaman TVCCA)
860.425.6582
www.tvcca.org



CT Bureau of Rehabilitation Service
(Biwo Sèvis Reyablityasyon nan CT)
860.424.4844
www.ct.gov/brs

CT Department of Veterans Affairs
(Depatman pou Zafè Veteran nan CT)
860.887.9162
www.ct.gov/ctva

Sèvis legal

CT Office of Health Care Access
(Biwo pou Jwenn Swen Sante nan CT)
1.800.797.9688
www.ct.gov/ohca

CT Office of Health Care Advocate
(Biwo Defans Dwa pou Swen Sante nan CT)
1.800.466.4446
www.ct.gov/oha



CT Office of Child Advocate
(Biwo Defans Dwa Timoun nan CT)
1.800.994.0939
www.ct.gov/oca

CT Parent Advocacy Center
(Sant pou Defans Dwa Paran nan CT)
1.800.445.2722
www.cpacinc.org

CT Office of Protection and Advocacy for Persons
with Disabilities
(Biwo pou Pwoteksyon ak Defans Dwa Moun Andikape nan CT)
860.297.4300
www.ct.gov/opapd

Office of Victim Services
(Biwo Sèvis pou Viktim)
1.800.822.8428
www.jud.ct.gov/crimevictim

Asistans pou chanje kote ou rete

Norwich Human Services Programs
(Pwogram Sèvis pou Moun nan Norwich)
860.823.3778
www.norwichct.org

Ògànizasyon kiltirèl

Chinese & American Cultural Assistance Organization
(Ògànizasyon Asistans Kiltirèl Chinwa ak Ameriken)
860.373.0606
www.cacaa.org



Ògànizasyon kiltirèl - kontinye

Eastern Connecticut Asian & American Lions Club
(Klib Lions pou Azyatik ak Ameriken nan Lès Connecticut)
webmaster@aalionsclub.org
www.e-clubhouse.org/sites/aaa

New London Korean Methodist Church
(Legliz Metodis Koreyen nan New London)
doctorsmc@yahoo

First Haitian Baptist Church
(Premye Legliz Batis Ayisyen)
860.887.6193

Nasyon souvren



Mashantucket Pequot Health Department
(Depatman Sante nan Mashantucket Pequot)
860.313.8014

The Mohegan Tribe Health Department
(Depatman Sante Tribi Mohegan)
860.862.6158



Depatman sante lokal

Uncas Health District
(Distrik Sante Uncas)
860.823.1189
www.uncashd.org



Ledgelight Health District
(Distrik Sante Ledgelight)
860.448.4882
www.ledgelighthd.org

Northeast Health District
(Distrik Sante nan Nòdès)
860.774.7350
www.nddh.org

KOTE

Sant Sante Familyal Edward & Mary Lord
47 Town Street, Norwich
860-892-7042

Sant Sante Griswold
226 East Main Street, Griswold
860-376-7040

Sant pou Sante Konpòtmantal Colchester
212 Upton Road, Suite C, Colchester
860-537-7676

Sant Sante New London
351 North Frontage Road, Suite 24, New London
860-442-4319

Sant Sante Plainfield
120-122 Plainfield Road, Moosup
860-822-4938

Sèvis pou Moun ki gen Anpil Laj

Swen Rezidansyèl Sheltering Arms
165 McKinley Avenue, Norwich
860-887-5005 ucfseldercare.org

Sant Lajounen pou Granmoun Ross
165 McKinley Avenue, Norwich
860-889-1252 ucfseldercare.org

Sant Sante nan Lekòl

Sant Sante nan Lekòl nan Kelly STEAM Magnet Middle School
25 Mahan Drive, Norwich
860-822-2803

Sant Sante nan Lekòl nan John B. Stanton Elementary School
386 New London Turnpike, Norwich
860-822-2803

Sant Sante nan Lekòl nan Teacher's Memorial Global Studies Magnet Middle School
15 Teachers Drive, Norwich
860-822-2803

Sant Sante nan Lekòl nan Norwich Technical High School
7 Mahan Drive, Norwich
860-822-2803

Sant Sante nan Lekòl nan Norwich Free Academy (NFA)
305 Broadway, Norwich
860-822-2803

Sant Sante nan Lekòl nan Montville High School
800 Old Colchester Road, Oakdale
860-822-2803

Sant Sante nan Lekòl nan Waterford High School
20 Rope Ferry Road, Waterford
860-822-2803

Sant Sante nan Lekòl nan Clark Lane Middle School
105 Clark Lane, Waterford
860-822-2803

UCFS Healthcare
Well-Being Redefined.
UCFShealthcare.org

UCFS Healthcare
Well-Being Redefined.

Pwogram ak Sèvis yo
UCFShealthcare.org

SÈVIS MEDIKAL PRENSIPAL AK ESPESYAL

Swen Prensipal pou Moun Majè ak pou Timoun
Sèvis medikal konplè avèk lòt sèvis nan aswè, epi doktè ki desèvi 24 sou 24. 860-892-7042

Jinekoloji
Resevwa swen nan men Enfimiyè ki Sètifiye kòm Sajfanm, ak Doktè, ak Enfimiyè Pratisyen ki espesyalize nan swen jinekolojik: swen prevantif, dyagnostik, ak swen pou doule sbit nan men doktè ki desèvi 24 sou 24. 860-892-7042

Pwogram pou Ewalasyon ak Administrasyon Jeryatrik
Tès memwa ak konsèy pou pasyan ak fanmi yo. Doktè sa a travay an kolaborasyon avèk doktè prensipal pasyan an. Objèktif pwogram lan, se pou ankouraje, retounen, oswa prezève endepandan fonksyonèl moun lan. 860-892-7042

SÈVIS POU SANTE DAN

Swen jeneral konplè pou dan, swen pou dan timoun, ak swen pou dan prevantif pou pasyan tout laj. Nou genyen yon Sal Operasyon Dante Espesyal pou Bel Sour, ki se yon kote konfòtab pou mete timoun alèz si yo pè dantis, oswa si yo gen pwoblèm otis, oswa bezwen espesyal, oubyen pou timoun ki vini premye fwa nan yon klinik dantis. 860-892-7042

WEN POU MOUN KI GEN ANPIL LAJ

Sheltering Arms
Se yon Rezidans kote gason ak fi ki gen plis pase 60 an resevwa Swen Lakay yo, kote yo ka jwenn alternatif ki mwen restriktif, epi ki montre respè pou granmoun ki ta bezwen sipèvizyon pou yo viv. Rezidan yo resevwa asistans pou swen pèsònèl yo, ak pou pran medikaman nan men yon enfimiyè oswa asistan ki la 24 sou 24. Paman pa mwa a kouvri yon chajm prive, tout manje yo, lesiv pèsònèl, menaj nan kay, ak aktivite rekreyatif. www.ucfseldercare.org pou plis enfòmasyon. 165 McKinley Avenue, Norwich • 860-887-5005

Sant Ross pou Okipe Granmoun Lajounen
Ross se yon modèl pwogram medikal sètifiye ki santral sou granmoun. Li gen anpilwaye ki fòmè pou bay moun sipò pandan lajounen, nan tout yon seri aktivite k ap fè yo plezi. Nou garanti sekirite, nan yon anyans ki bay ankourajman mantal, sosyal, ak fizik. Patisipan yo jwenn sèvis enfimiyè, ak moun ki ba yo medikaman, manje, terapi reyabiltasyon, sèvis podyatri, ak estètisyen pou cheve yo. Ou ka jwenn transpò pou ale oswa tounen nan pilò kote nan Kòntè New London lan. Se yon bon chans chanjan pou travayé nan swen sante. www.ucfseldercare.org pou plis enfòmasyon. 165 McKinley Avenue, Norwich • 860-889-1252

SÈVIS POU KONTAK AVÈK KOMINOTE

Pwogram pou Jwenn Swen
Depistaj kliyan pou wè si yo kalifye pou pwogram asirans, tankou HUSKY/Medicaid, Access Health CT ak lòt anka. Yo ede kliyan ki ka kalifye yo nan demach pou fè aplikasyon an. 860-822-4798

Inisyatif nan Lès Connecticut pou Swen Medikal Lakay Moun
Yo fè kowòdinasyon sèvis pou timoun ak jenn moun ki genyen bezwen espesyal pou sante yo, ak pou fanmi oswa moun k ap okipe yo. Moun ki fè kowòdinasyon swen yo travay avèk moun k ap okipe timoun yo, pou konnèkte timoun yo ak fanmi yo avèk sèvis medikal, sèvis edikasyon, ak lòt sèvis ki travay nan kominote a. 860-822-4164

Administrasyon Dosye
Pou sipòte ak fè kowòdinasyon ant sèvis pou kliyan ki oblije fè efò pou bezwen fondamantal yo, tankou lojman garanti, manje, asirans maladi, jwenn travay oswa fòmasyon, oubyen pou rive resevwa sèvis pou sante yo.

SÈVIS SANTE KONPÒTMANTAL KI NAN KOMINOTE A

Sèvis Mobil pou Entèvasyon nan Kriz
Sèvis pou timoun ak jennmoun k ap travèse yon kriz nan sante mantal oswa nan konpòtmant yo. Pou ka ijans, tanpri rele 211 pou enfòmasyon rele. 860-822-4317

Prezèvasyon Entansif pou Fanmi
Sèvis pou kontwòl danje aksidan nan kay, ak pou estabilizasyon fanmi Depatman pou Timoun ak Fanmi an (Department of Children and Families) rekòmande. 860-822-4312

Terapi ki gen Plizyè Dimansyon pou Fanmi/Pwogram HYPE
Yo fè terapi pèsònèl ak pou fanmi lakay moun, ansanm ak administratè sèvis pou jenn moun ak adolezan ki ant laj 9 ak 21 an, si yo pran dwòg oubyen si gen danje pou yo kòmanse pran dwòg. 860-822-4766

Patenarya pou Konsiltasyon Jenn Timoun
Yo fè konsiltasyon sou sante mantal pou satisfè bezwen sosyal ak emosyonèl timoun depi nesans jiska laj senk an; yo bay sipò, yo fè edikasyon, ak konsiltasyon pou moun k ap okipe jenn moun, ak pou sant ki gen timoun, ak pou fanmi. 860-822-4325

CTimoun Anvan Tout Bagay (Child First)
Sèvis klinik entansif anndan kay pou timoun ki gen jiska laj sis an, ki genyen difikilte sosyal, emosyonèl, ak nan konpòtmant yo, ansanm ak pou fanmi yo, dapre yon sistèm ki sèvi modèl pou swen. 860-822-4905

Kowòdinasyon pou Swen
Asistans pou fanmi ki pa resevwa sèvis DCF, pou ede yo jwenn ak kowòdinasyon resous pou pitit yo, ki gen bezwen enpòtan pou kòrèj konpòtmant yo, dapre modèl Wraparound la. 860-822-4301



Rekiperasyon nan Fanmi
Yo fè sèvis entansif lakay moun, pou timoun depi nesans jiska laj 36 mwa, si timoun yo te an kontak avèk dwòg paran yo te pran. 860-822-4166

Ekip Moun k ap Bay Sipò
Yo fè sèvis klinik entansif kay fanmi yo bay elve timoun, epi yo administre swen pou ankouraje estabilite nan fanmi. Se DCF ki rekòmande fanmi yo. 860-822-4265

SÈVIS SANTE KONPÒTMANTAL POU PASYAN EKSTÈN

Sèvis Konsèy ak Sikoterapi
Yo fè yon gran varyete sèvis (terapi pèsònèl, oswa pou moun k ap viv ansanm, oswa pou gwoup) pou ede kliyan ki gen pwoblèm tankou: chagren, depresyon, anksyete, twoma, kriz nan lavi yo, wòj yo kòm paran, divòs, separasyon, pran dwòg, abi seksyèl oubyen fizik, pwoblèm emosyonèl oswa konpòtmantal kay timoun, jenn moun, oswa moun majè. Ansanm avèk sèvis terapi yo, yo fè tou ewalasyon sikyatrik ak administrasyon medikaman. 860-822-4900

Pwogram pou Trete Pwoblèm Jwèt Aza Bettor Choice
Yo bay konsèy pou pasyan ekstèn (moun, mari ak madanm, fanmi, ak gwoup) pou moun majè (18 an +) k ap eseye kite jwèt aza, ak pou moun k ap sibi konsekans jwèt aza yo (tankou mari ak madanm, moun nan fanmi, ak bon zanmi). Ou ka jwenn sèvis tou, kote moun ki nan menm ka a ba ou konsèy. 860-823-3094

Pwoblèm Otis
Yo ofri tout yon seri sèvis ekstèn ki konsantre sou fanmi, sante, edikasyon, ak konpòtmant, nan yon sèl lokal pou moun ki gen pwoblèm Otis ak lòt pwoblèm devlopman, tankou ewalasyon konplè, sikofamakoloji (medikaman), entèvasyon kayitif ak nan konpòtmant, konpòtmant sosyal ak komunikasyon, gwoup pou apantisaj sosyal, gwoup fanmi miltip ak gwoup paran. 860-822-4793

Tretman avèk Medikaman
Terapi ak medikaman konbine pou konpòtmant, pou tretè pwoblèm pran dwòg. Nan pami sèvis MAT yo, genyen sèvi avèk medikaman, ak klinisyen ki fòmè, ak doktè ki espesyalize nan medikaman pou adiksyon, ak moun ki pran espesimen laboratwa, ak yon sipèvizè pou rekiperasyon pou asiste kliyan yo pandan pwosès gerizyon an. 860-822-4392

DWA AK RESPONSABLITE KLIYAN

United Community & Family Services, Inc. (UCFS) [Sèvis Inifye pou Kominote ak Fanmi] ap fè tout sa ki posib pou bay kliyan nou yo ak fanmi yo bon kalite swen. Nou ankouraje kliyan yo ak fanmi yo aprann konnen dwa ak responsablite yo, ki ekri pi ba la a:

OU GEN DWA:

1. Resevwa swen avèk konsiderasyon ak respè, dapre metòd pwofesyonèl nòmal yo.
2. Resevwa sèvis san yo pa fè diskriminasyon kont ou poutèt ras, koulè, si ou se gason oubyen fi, kondisyon marital, relijyon, laj, andikap, oryantasyon oswa preferans seksyèl, peyi kote ou soti, zansèt ou, oswa dyagnostik sou sante w.
3. Ekri yon direktiv antisipe, ak patisipe nan desizyon etik k ap pran.
4. Resevwa esplikasyon sou dyagnostik, tretman, ak pwognotik ou, nan yon jan ou ka konprann.
5. Resevwa enfòmasyon ou bezwen pou patisipe nan desizyon sou swen pou yo ba ou, ak bay pèmasyon apre ou resevwa enfòmasyon pou tout pwosedi dyagnostik oswa tretman yo pral fè pou ou.
6. Refize nenpòt tretman, sòf si lalwa defann sa, epi resevwa enfòmasyon sou konsekans ki ka rive si ou pran desizyon sa a, ki kapab vle di tou fè Depatman pou Timoun ak Fanmi an (Department of Children and Families) oswa Sèvis Pwoteksyon an (Protective Services) konnen.
7. Atann pou tout anplwaye nan ajans lan respekte entimite pèsennèl ou.
8. Atann pou yo kenbe dosye sante ou konfidansyèl, dapre Deklarasyon UCFS sou Metòd pou Konfidansyalite yo.
9. Konnen règleman UCFS sou jan pou pran ak pataje enfòmasyon nan dosye sante ou.
10. Resevwa yon esplikasyon konplè sou tout rechèch oswa pwosedi eksperymanal pou tretman w, ak sou ka pou yo mande w konsantaman enfòmè ou, anvan yo kòmanse okenn pwosedi sou ou.
11. Konnen non ak kalifikasyon tout moun k ap fè sèvis pou ou, ak mwayen pou pran kontak avèk moun sa a.
12. Resevwa yon dezyèm opinyon medikal oubyen dantè anvan tout pwosedi.
13. Mandè pou konseye legal ou pran yon randevou pou vin gade dosye sante ekri ou.
14. Mandè ak resevwa enfòmasyon sou responsablite finansyè ou, ak yon esplikasyon sou depans yo, ki vle di tou sèvis yo pral mandè konpayi asirans ou peye, lè gen ka pou sa.
15. Mandè ak resevwa yon Estimasyon Onnèt sou pri yo kwè sèvis yo pral koute, anvan yo fè sèvis yo, si ou pa gen asirans oubyen si ou peye ou menm lè ou resevwa sèvis medikal, jinekolojik, dantè oubyen konpòtmantal nan UCFS pou paysan ekstèn.
16. Depoze yon plent, kit se nan bouch kit se sou papye, sou sèvis yo fè pou ou, san ou pa bezwen pè UCFS fè diskriminasyon kont ou. Ou mèt rele, ant 8:30 dimaten ak 4:30 apre midi,
 - Sharon Laliberte, Responsab pou Plent, (860) 892-7042, pòs 1218.
 - Si ou pa dakò avèk desizyon yo pran sou plent lan, ou gen dwa kontakte Jennifer Granger, CEO, nan nimewo (860) 889-2375.

Ou ka mande yon pwosedi apèl si ou kontakte Komite Konseye sou Asirans Kalite UCFS la (UCFS Quality Assurance Advisory Committee), ki genyen yon revizyon klinik sou ka a, ak yon konferans ant tout founisè sèvis ou yo.

RESPONSABLITE OU GENYEN:

1. Bay enfòmasyon pèsennèl, finansyè, ak sou asirans ki vre, ansanm ak enfòmasyon medikal, ki vle di tou nenpòt medikaman ou pran ak tretman yo fè pou ou, k ap sèvi pou tabli yon plan pou swen ou.
2. Poze kesyon si ou pa konprann esplikasyon yo ba ou sou dyagnostik, tretman, pwognotik, oswa nenpòt direktiv ou resevwa.
3. Tabli ak patisipe nan plan pou tretman ou.
4. Swiv prensip ak règleman ki afiche nan lokal UCFS yo, pandan ou nan kote sa yo.

5. Pa pote okenn zam sou ou, pandan ou nan lokal UCFS oubyen pandan w ap resevwa tretman nan men anplwaye UCFS yo.
6. Pa fè vyolans, kit se nan pawòl kit se fizikman, sou lòt moun ni sou anplwaye UCFS yo.
7. Montre anplwaye ajans lan menm koutwazi yo montre w.
8. Ale nan tout randevou yo ba ou, epi rive alè, nan kondisyon ki pèmèt ou patisipe nan tretman ou.
9. Fè UCFS konnen, omwen 24rè davans, depi ou wè ou pa kapab vini nan yon randevou.
10. Fè pwofesyonèl sante k ap okipe w konnen nenpòt chanjman oswa nenpòt reyaksyon ki rive, lè ou pran yon medikaman ak/oswa resevwa yon tretman.
11. Peye pou sèvis yo san pèdi tan, sa ki vle di tou peman patisipasyon, menm lè yo fè sèvis la pou ou.
12. Fè UCFS konnen nenpòt ki pwoblèm ou genyen, oswa nenpòt kisa ou pa renmen nan sèvis yo fè pou ou.
13. Pran dispozisyon pou pitit ou sipèvize, ak pou sekirite pitit ou pandan yo nan lokal la.

Si yon kliyan pa satisfè kondisyon sou responsablite ki defini pi wo la yo, oubyen si gen yon konfli oswa yon obstak ki pa kapab rezoud ant founisè sèvis la ak yon kliyan, li kapab nesèsè pou sispann sèvis yo. Ka sa yo konn rive pi souvan apre youn oubyen plizyè sikonstans ki gen pawòl/aksyon ki se abi, oswa lè moun pran twòp medikaman doktè preskri, lè gen peman enpòtan li pa fè, oubyen lè gen yon vyolasyon grav kont plan pou tretman an, oswa yon mennas fizik oubyen emosyonèl kont yon anplwaye oswa yon lòt kliyan UCFS, oswa pèsekisyon, oswa yon entèvansyon entolerab yon moun nan fanmi an nan relasyon ant kliyan an ak founisè sèvis la, oswa kòmansman yon pwosè kont founisè a oubyen kont UCFS, oswa yon patisipasyon nan nenpòt aktivite ilegal ki enplike UCFS.

Notifikasyon sou pwoteksyon konfidansyalite

**DOKIMAN SA A ESPLIKE KOUMAN ENFÒMASYON MEDIKAL OU KAPAB
SÈVI AK PATAJE, AK KOUMAN OU KAPAB GADE
ENFÒMASYON SA YO. TANPRI, GADE LI BYEN.**

OU GEN DWA JWENN YON KOPI DOKIMAN SA A (ELEKTWONNIK OSWA SOU PAPYE).

**SI OU GEN NENPÒT KESYON, OU MÈT KONTAKTE RESPONSAB
KONFIDANSYALITE A, AVÈK ENFÒMASYON KI EKRI ANBA DOKIMAN SA A.**

Notifikasyon sou pwoteksyon konfidansyalite

Dat antre anvigè orijinal: 14 avril 2003

Koreksyon avèk dènye enfòmasyon yo an fevriye 2010

Koreksyon avèk dènye enfòmasyon yo an jiyè 2012

Koreksyon avèk dènye enfòmasyon yo ann out 2013

Koreksyon avèk dènye enfòmasyon yo ann avril 2019

Koreksyon avèk dènye enfòmasyon yo an mas 2020

Koreksyon avèk dènye enfòmasyon yo an me 2020

Koreksyon avèk dènye enfòmasyon yo an mas 2025

Rezon pou Notifikasyon sou pwoteksyon konfidansyalite a

Rezon pou Notifikasyon sou pwoteksyon konfidansyalite sa a (nou pral kontinye rele "Notifikasyon" an) se pou fè ou konnen nivo entimite ak konfidansyalite enfòmasyon ou yo, kouman nou kapab sèvi avèk, oubyen pataje enfòmasyon sou sante w, nan Community & Family Services, Inc. (nou pral kontinye rele "UCFS," oswa "nou", oswa "nou menm"). Li dekri tou dwa ou genyen pou gade ak pou verifye enfòmasyon sou sante ou yo, ansanm ak kèk obligasyon nou genyen, pou sèvi avèk oubyen pataje enfòmasyon sou sante w yo.

Sa nou rele "enfòmasyon sou sante w" nan Notifikasyon sa a, se enfòmasyon ou bay epi sa nou resevwa, ki vle di tou enfòmasyon demografik, ki kapab pèmèt idantifye w pou bon rezon, epi ki anrapò avèk sante fizik oswa mantal ou anvan, oubyen kounye a, oubyen pi devan, oswa ki kapab ede nan peye pou swen sante ou resevwa.

UCFS fè pati yon aranjman pou swen sante ògànize, ki genyen ladan patisipan nan Oregon Community Health Information Network (OCHIN). Ou ka jwenn yon lis patisipan OCHIN kounye a nan adrès www.ochin.org. Kòm yon patnè biznis UCFS, OCHIN bay enfòmasyon sou teknoloji ak ou sèvis ki anrapò avèk teknoloji pou UCFS ak lòt patisipan OCHIN. Yon lòt bagay OCHIN fè, se evalyasyon kalite ak aktivite pou amelyorasyon pou patisipan li yo. Pa egzanp, OCHIN kowòdonnen aktivite revizyon klinik pou ògànizasyon k ap patisipe yo, pou tabli estanda pou bon metòd travay, ak pou jwenn avantaj klinik ki kapab sòti nan sistèm anrejistreman sante elektwonik yo. OCHIN ede patisipan yo tou, nan travay ansanm pou amelyore administrasyon rekòmandasyon pou pasyan entèn ak ekstèn yo. UCFS kapab pataje enfòmasyon pèsònèl sou sante ou avèk lòt patisipan OCHIN oswa nan yon lòt echanj sou enfòmasyon sante, sèlman lè sa nesèsè pou tretman medikal oswa pou bezwen operasyonèl sante nan aranjman pou swen sante ògànize, epi tout enfòmasyon ki pataje sou sante ou pral sou lobedyan lwa ki aplikab la; lwa sa a kapab mete plis restriksyon sou konfidansyalite (tankou Pati 2 nan 42 C.F.R.) jan sa esplike pi ba la a.

Enfòmasyon sou sante yo kapab genyen ladan enfòmasyon medikal ki pase, oswa pou kounye a, oswa pou lavni, ansanm ak enfòmasyon ki esplike nan Health Insurance Portability & Accountability Act of 1996 (Lwa 1996 sou Transfè ak Kontabilite Asirans Maladi) ak règleman sou aplikasyon li yo (ki rele kolektivman "HIPAA"). Si yo gen pou pataje enfòmasyon, yo pral pataje yo dapre HIPAA, oswa nenpòt lwa ki aplikab avèk modifikasyon yo ka fè tanzantan yo. Ou gen dwa chanje desizyon ou, epi ànile konsantman ou oswa pèmisyon ou bay pou sèvi avèk oubyen pataje enfòmasyon patikilye sou sante w. Men sèlman, yo kapab deja pataje oswa pataje yon enfòmasyon dapre pèmisyon ou te bay la. Nenpòt Konsantman oswa pèmisyon konsa ou te bay pral rete anvigè jouktan ou ekri pou di ou ànile li. Si ou mande, yo pral ba ou yon lis ki montre tout kote yo pataje enfòmasyon sou ou avèk yo dapre règleman HIPAA sou pataj enfòmasyon, ki dekri pi devan nan dokiman sa a.

Lalwa oblije nou kenbe konfidansyalite nan enfòmasyon sou sante w, ak fè ou konnen si gen nan enfòmasyon sou sante w ki soti paske gen yon erè ki rive. Lalwa oblije nou tou, pou nou ba ou Notifikasyon sa a sou obligasyon legal nou, ak sou metòd pwoteksyon konfidansyalite nou sèvi pou enfòmasyon sou sante w, ak pou nou respekte sa ki ekri nan Notifikasyon ki anvigè lè sa a. Nou kapab chanje kondisyon ki nan Notifikasyon sa a nenpòt kilè. Nouvo Notifikasyon ki modifiye a pral aplikab pou tout enfòmasyon sou sante w ki nan men nou. Lè yon Notifikasyon modifiye, ou pa pral resevwa li otomatikman. Nenpòt kilè ou vle resevwa yon kopi Notifikasyon ki anvigè lè sa a, ou dwe ale nan pòtay entènèt nou an, nan adrès www.ucfs.org, oswa kontakte UCFS, oswa mande nou sa lè ou vini nan pwochen randevou ou.

Kouman nou kapab sèvi avèk, oubyen pataje enfòmasyon sou sante w

UCFS bay sèvis avèk entèmedyè yon seri pwogram, tankou swen medikal pou pasyan ekstèn, sante konpòtmantal, swen dan, sèvis sante konpòtmantal nan kominote, swen moun majè lajounen, ak swen rezidansyèl. Notifikasyon sa a dekri metòd travay ak prensip UCFS, epi li aplikab pou tout pwofesyonèl sante ki gen pèmisyon pou antre enfòmasyon nan dosye sante elektwonik nou, sa ki vle di founisè ki gen lisans nou yo, tout depatman ak inite ki nan UCFS, tout volontè ki sèvi nan UCFS, ak tout estajyè oswa etidyan nan UCFS, kòm yon pati nan yon pwogram klinik oswa nan yon pwogram edikasyon ki menm jan.

UCFS pral mande w siyen yon fòmilè konsantman ki pèmèt li sèvi avèk, oswa pataje enfòmasyon sou sante w pou tretman, pou peman, ak pou aktivite anrapò avèk swen sante epi yo ka mande w siyen yon otorizasyon ki pèmèt sèvi avèk oswa pataje enfòmasyon patikilye sou sante w. Yo pral mande w tou pou w rekonnèt ou resevwa Notifikasyon sa a.

Epitou, ou dwe konnen, si yon kote resevwa pèmisyon w, oswa konsantman, oswa otorizasyon dapre Dokiman sa a pou bay enfòmasyon sou sante w, kote sa a kapab transmèt enfòmasyon yo ankò bay yon lòt kote ki fè HIPAA pa pral kapab pwoteje enfòmasyon yo ankò.

Kategori pi ba la yo dekri kèk nan diferan jan nou kapab sèvi avèk, oubyen pataje enfòmasyon sou sante w. Menm si se pa yon jan ki nonmen avèk presizyon pi ba la a, UCFS kapab sèvi avèk, oubyen pataje enfòmasyon sou sante w yon jan lalwa pèmèt, oubyen yon jan ou bay pèmisyon pou fè sa epi lè li sèvi avèk yo oubyen pataje yo, sa pral fèt dapre lwa ki aplikab yo (tankou HIPAA ak Pati 2 nan 42 C.F.R., jan sa esplike pi lwen nan dokiman sa a). N ap fè yon efò rezonab pou limite moun ki kapab gade enfòmasyon sou sante w, pou se sèlman moun oswa kategori moun

nan pami anlwaye nou yo, ki ka bezwen gade enfòmasyon sa yo nan travay yo gen pou fè. Epi tou, lè sa nesèsè, n ap fè yon efò rezonnab pou limite enfòmasyon sou sante w yo nan yon kantite minimòm ki nesèsè pou satisfè yon nesosite, dapre limit lalwa mete pou sèvi avèk, oubyen pataje enfòmasyon yo.

- **Pou tretman** - Nou kapab sèvi avèk, oubyen pataje enfòmasyon sou sante w pou fè tretman sante pou ou, ak sèvis ki anrapò avèk li. Enfòmasyon sou sante w yo kapab sèvi oubyen pataje pou enfòmasyon yon pwofesyonèl sante k ap patisipe nan swen ou. Si nou gen pèmasyon pou fè sa, nou kapab pataje enfòmasyon sou sante w tou avèk moun oswa enstitisyon k ap patisipe nan swen ou apre ou kite UCFS, ak pou lòt rezon anrapò avèk tretman ou. Nou kapab sèvi avèk, oubyen pataje enfòmasyon sou sante w nan yon ka ijans. Gen kèk sikonstans ki kapab fè nou pataje enfòmasyon sou sante w avèk moun ki pa nan UCFS, tankou moun nan fanmi w, responsab nan legliz ou, oswa lòt moun k ap patisipe nan swen ou (jan sa dekri pi ba la a).
- **Pou peman** - Nou kapab sèvi avèk, oubyen pataje enfòmasyon sou sante w pou nou kapab voye bòdwo ak resevwa peman pou tretman ou, avèk sèvis ki anrapò avèk tretman ou. Pou nou ka voye bòdwo ak resevwa peman, nou kapab sèvi avèk, oubyen pataje enfòmasyon sou sante w avèk kote ki fè peman pou ou, tankou konpayi asirans oswa konpayi ki kowòdonnen swen, Medicare, Medicaid, oswa lòt kote ki peye nou yo. Pa egzanp, nou ka bezwen pataje enfòmasyon avèk plan sante w sou tretman ou resevwa, pou plan sante w la peye nou oswa remèt nou lajan depans pou tretman ou, oubyen nou ka kontakte plan sante w la pou konfime ou gen kouvèti asirans, oswa pou mande otorizasyon davans pou yon tretman yo pwopoze. Si gen nenpòt nan sèvis ou yo Eta Connecticut peye pou li kòm yon pati nan yon sibvansyon, nou kapab pataje enfòmasyon sou sante w pou sipòte sèvis nou fè pou ou dapre sibvansyon an.
- **Pou aktivite swen sante** - Nou kapab sèvi avèk, oubyen pataje enfòmasyon sou sante w si yo nesèsè pou aktivite UCFS, tankou aktivite pou verifikasyon ak amelyorasyon kalite, oswa pou ànalize konpetans ak kalifikasyon pwofesyonèl sante, pou revizyon medikal, pou sèvis legal, ak travay odit, ak pou aktivite administratif jeneral nan UCFS. UCFS kapab sèvi avèk enfòmasyon sou sante w yo pou kowòdonnen swen pou antite finansman nan Eta a, nan gouvènman federal, oswa nan gouvènman lokal. Nou kapab sèvi avèk yon revizè dosye ekstèn tou, anrapò avèk aktivite pou verifikasyon kalite nou yo. Nou kapab pataje enfòmasyon w yo tou avèk etidyan, oswa moun k ap resevwa fòmasyon nan UCFS pou amelyore konpetans yo.
- **Anndan UCFS** - Nenpòt depatman nan UCFS kapab sèvi avèk enfòmasyon sou sante w tou, si sa nesèsè, pou fè tretman, oswa peman, oswa aktivite pou swen sante, depi se yon kantite enfòmasyon minimòm UCFS bezwen pou peman avèk aktivite swen sante.
- **Asosye nan biznis** - Kapab genyen sèvis kèk antite deyò ki siyen kontra avèk UCFS fè, pou bay sèvis ki gen enfòmasyon sou sante (sa rele "asosye nan biznis"), tankou sèvis voye bòdwo, konpayi transkripsyon, oswa konsiltan nan zafè legal oubyen kontablite. Nou kapab pataje enfòmasyon sou sante w avèk asosye nan biznis nou, pou yo kapab fè travay nou mande yo fè. Pou nou ka pwoteje enfòmasyon sou sante w, nou mande asosye nan biznis nou yo siyen yon kontra ekri ki oblije yo pwoteje enfòmasyon w yo jansadwa, ak pou fè rapò ba nou si gen nenpòt erè ki rive nan pwoteksyon enfòmasyon sou sante.
- **Fè sonje randevou** - Nou kapab sèvi avèk, oubyen pataje enfòmasyon sou sante w pou kontakte w, lè pou nou fè w sonje yon randevou ou genyen nan UCFS.
- **Altènativ pou tretman ak lòt avantaj oubyen sèvis ki anrapò avèk sante** - Nou kapab sèvi avèk, oubyen pataje enfòmasyon sou sante w pou fè w konnen oswa rekòmande w opsyon ak altènativ ki posib pou tretman ou, ak pou fè w konnen avantaj pou sante ki anrapò avèk tretman ou, tankou sèvis, oubyen klas sou kesyon sante ki ka enterese w.
- **Moun k ap patisipe nan tretman ou, oswa nan peman pou tretman ou** - Sòf si ou refize, nou kapab pataje enfòmasyon sou sante w avèk yon moun nan fanmi w, yon zanmi ki pwòch ou, oswa yon lòt moun ou nonmen, si enfòmasyon yo anrapò avèk patisipasyon moun lan nan zafè sante w, oswa peman pou swen sante w. Epi tou, nou kapab pataje enfòmasyon sou sante w avèk yon enstitisyon piblik oubyen prive lalwa otorize, pou ede nan yon aktivite pou pote sekou. Si ou pa kapab di si ou dakò oswa si ou refize nou pataje enfòmasyon konsa, nou kapab pataje yo si nou wè sa nan enterè ou, dapre jijman pwofesyonèl nou, oubyen si gen bon rezon pou kwè ou pa ta fè objeksyon.
- **Reprezantan pèsonnèl** – Ou mèt chwazi yon moun (yon reprezantan pou swen sante) k ap gen dwa pran kèk desizyon medikal pou ou, oubyen yon tribinal kapab chwazi yon moun konsa (pa egzanp, yon

reponsab legal) oubyen lalwa ka fè sa (pa egzanzp, yon paran si ou se yon minè). N ap veye pou moun sa a gen otorizasyon pran desizyon pou ou kòm reprezantan pèsonnèl ou, nan kèk sikonstans.

- **Aktivite pou sante piblik** - Nou kapab pataje enfòmasyon sou sante w pou rezon ki anrapò avèk sante piblik, tankou avèk yon otorite nan sante piblik ki gen otorizasyon lalwa pou ranmase oswa resevwa enfòmasyon konsa, pou rezon tankou prevansyon oswa anpeche maladi gaye, oswa kontwole aksidan ak andikap, fè rapò sou nesans, lanmò, oswa lòt estatistik vital, oubyen rapò sou vyolans kont timoun ak neglijans; sou sekirite oswa efikasite pwodui ki anba kontwòl Ajans pou Kontwòl Manje ak Medikaman an (Food and Drug Administration); ak pou fè moun konnen lè yo te an kontak avèk yon sous maladi, oubyen si kapab gen yon danje pou yo pase maladi a bay lòt moun; pou fè yon kote moun travay konnen yon maladi oswa yon aksidan ki anrapò avèk travay la, si nou fè swen dapre demann anplwayè a fè nou; oubyen pou bay yon lekòl prèv vaksinasyon.
- **Aktivite pou obsève maladi** - Nou kapab pataje enfòmasyon sou sante w avèk yon ajans ki obsève maladi, pou aktivite lalwa pèmèt li fè, tankou odit, ankèt, enspeksyon, akreditasyon, bay lisans, ak pran aksyon disiplinè.
- **Pwosedi administratif ak jidisyè** - Si ou angaje nan yon pwosè oswa nan yon dispit, nou kapab pataje enfòmasyon sou sante w si ou bay pèmisyon oubyen si gen yon lòd tribinal, oswa yon lòd administratif pou sa. Nou kapab pataje enfòmasyon sou sante w tou pou reponn yon sitasyon, oswa yon demann pou ankèt, oswa lòt pwosedi legal, depi lalwa pèmèt pataje enfòmasyon sa yo.
- **Aplikasyon lalwa** - Nou kapab pataje enfòmasyon sou sante w pou kèk objektif aplikasyon lalwa, si lalwa pèmèt oubyen mande sa. Kòm egzanzp, kapab genyen fè rapò, si yo blese yon moun avèk zamafe; fè rapò sou ka ijans ak lanmò ki sispèk; obeyi yon lòd tribinal, yon sitasyon, oswa yon pwosedi legal konsa; oswa reponn yon demann enfòmasyon sou yon krim; oswa lè gen prèv zon zak kriminèl ki rive nan lokal nou yo; oswa pou idantifye oubyen jwenn yon fijitif, yon sispèk, yon temwen, oswa yon moun ki disparèt.
- **Medsen lejis, Egzaminatè medikal, Direktè ponp finèb, Ògànizasyon ki ede jwenn ògàn** - Nou kapab pataje enfòmasyon sou sante w avèk yon medsen lejis, yon egzaminatè medikal, yon direktè ponp finèb, oubyen, si ou vle fè kado ògàn ou, yon ògànizasyon ki ede moun jwenn ògàn ak grèf.
- **Pou fè rechèch** - Nou kapab sèvi avèk enfòmasyon sou sante w, oubyen pataje yo pou fè rechèch, sèlman si gen yon Konsèy espesyal sou pwoteksyon entimite oubyen yon Konsèy revizyon enstitisyonèl ki analize ak bay apwobasyon li pou sa, oubyen si ou bay otorizasyon. UCFS patisipe nan plizyè aktivite ak pwogram ki fèt pou amelyore sante moun anjenneral, ak pou pèmèt nou sèvi w pi byen. Nan pami prekosyon nou pran, nou veye si gen moun ki gen abitid oswa konpòtman ki ka aji sou eta sante yo, oswa mete yo an danje. Kapab genyen nan pwòp anplwaye UCFS yo, ak edikatè pou sante ki siyen kontra travay avèk li, ki poze w plizyè kalite kesyon sou abitid ou ak sou aktivite ou fè chak jou, pou pran enfòmasyon depistaj pou tretman w. Sa pral ede nou fè tretman pou ou, ak fè w konnen ki lòt bon sèvis ou ka jwenn si ou vle. Enfòmasyon ou pataje avèk founisè sèvis nou yo, oswa avèk edikatè sante yo, pral antre nan dosye ou.
- **Ranmase lajan** - Gen enfòmasyon sou ou nou ka sèvi avèk yo, pou aktivite ranmase lajan. Nan pami enfòmasyon sa yo, kapab genyen non, adrès, ak lòt enfòmasyon pou kontakte w, laj ou, si ou se gason oubyen fi, dat nesans, dat ou resevwa sèvis medikal, enfòmasyon sou depatman sèvis, non doktè k ap trete w, enfòmasyon sou depans ou fè, ak enfòmasyon ki di si ou gen asirans. Nou pa pral sèvi avèk okenn nan enfòmasyon ou ki anba pwoteksyon ranfòse dapre lwa federal oubyen lwa Eta a (tankou enfòmasyon ki nan dosye tretman pou moun ki pran dwòg, ki dekri pi ba la a) pou ranmase lajan. Ou gen dwa deside pou ou sispan resevwa enfòmasyon sou aktivite pou ranmase lajan yo.
- **Pou pran prekosyon kont yon danje grav pou sante oswa sekirite** - Nou kapab sèvi avèk, oubyen pataje enfòmasyon sou sante w, si sa nesèsè, pou pran prekosyon kont yon danje grav pou sante oswa sekirite ou, oswa sante ak sekirite lòt moun oubyen piblik la. Sèl moun nou ka pataje enfòmasyon konsa avèk yo, se moun ki kapab ede anpeche sikonstans sa yo rive, oubyen redwi danje a.
- **Fonksyon espesyalize nan gouvènman** - Si ou se yon manm nan lame, nou kapab sèvi avèk, oubyen pataje enfòmasyon sou sante w, dapre sa otorite militè yo oswa Depatman Zafè Veteran an mande. Nou kapab sèvi avèk, oubyen pataje enfòmasyon sou sante w avèk responsab kalifye nan gouvènman federal pou pèmèt yo fè aktivite legal nan espyonnaj, kontespyonnaj, ak lòt aktivite pou sekirite nasyonal lalwa otorize. Nou kapab sèvi avèk, oubyen pataje enfòmasyon sou sante w avèk responsab kalifye nan gouvènman federal, pou yo kapab bay pwoteksyon pou Prezidan an, ak pou moun ki otorize, oswa chèfdeta etranje, oubyen pou yo mennen ankèt espesyal. Gen kèk sikonstans ki kapab mande pou nou pataje enfòmasyon sou sante w yo avèk yon pènitansye sou yon prizonye ki nan kote sa a.

- **Konpansasyon anplwaye** - Nou kapab sèvi avèk, oubyen pataje enfòmasyon sou sante w, dapre sa lalwa pèmèt nan konpansasyon anplwaye ak nan lòt pwogram ki anrapò avèk sa.
- **Sèvi avèk oubyen Pataje Enfòmasyon sou Swen Sante pou Repwodiksyon** – Nou pa gen dwa sèvi avèk, ni pataje enfòmasyon sou sante pou okenn aktivite ki anrapò avèk yon ankèt sou okenn moun, ni pou mete responsablite kriminel, sivil, oswa administratif sou okenn moun, avèk sèl entansyon pou chèche, jwenn, bay, oubyen fasilite swen sante pou repwodiksyon, ni pou idantifye okenn moun pou rezon ki defann konsa. Kòm egzanp, si yon ajan lapolis mande dosye ki anrapò avèk swen pou repwodiksyon ou resevwa legalman, pou li mennen yon ankèt sou ou oswa sou moun ki fè swen pou ou, nou pa gen dwa ba li dosye a ni enfòmasyon sou sante ki anrapò avèk li.
- **Egzijans Atestasyon pou kèk Demann Enfòmasyon sou Swen Sante pou Repwodikasyon** – Si nou resevwa yon demann pou sèvi avèk oswa pataje enfòmasyon sou sante pwoteje ou, ki anrapò avèk swen sante pou repwodikasyon, pou kèk rezon (tankou aktivite pou kontwole swen sante, pwosedi jidisyè oubyen administratif, aplikasyon lalwa, oswa pataje enfòmasyon avèk egzaminatè medikal oswa medsen lejis, oswa lòt enfòmasyon sou moun ki mouri), nou kapab refize sòf si nou resevwa yon atestasyon siyen moun ki fè demann lan, pou di sa yo mande sèvi oswa pataje a pa gen kòm objektif pou mennen yon ankèt ni pou mete yon responsablite kriminel, sivil, oubyen administratif sou yon moun paske li chèche, oswa resevwa, oswa fè, oswa fasilite swen pou repwodikasyon ki legal, ni pou idantifye yon moun avèk entansyon ki pa otorize sa yo. Kòm egzanp, si yon responsab aplikasyon lalwa mande enfòmasyon sou sante pwoteje ki anrapò avèk swen sante pou repwodikasyon, nou pa pral pataje enfòmasyon sa yo sòf si responsab la ba nou yon atestasyon siyen ki di se pa pou yon objektif ki pa otorize. Egzijans atestasyon sa a pa aplikab lè pou yo sèvi avèk, oubyen pataje enfòmasyon oumenm (oswa reprezantan pèsonnèl ou) otorize.
- **Règleman espesyal sou pataje enfòmasyon sou sante mantal, ak pwoblèm pran dwòg, ak VIH** - Anjenneral, nou kapab pataje enfòmasyon sou sante w pou fè tretman, peman, ak aktivite pou okipe swen sante. Pou pataje enfòmasyon sou sante moun nan kesyon tretman mantal, pwoblèm pran dwòg (sa ki vle di nakotik ak alkòl), tès ak tretman pou VIH, oubyen sou minè, gen kèk restriksyon espesyal ki kapab aplikab, epi sa kapab mande otorizasyon esplicit ou anvan pou nou ka pataje enfòmasyon konsa. Pa egzanp, anjenneral nou konn pa pataje enfòmasyon espesyal sa yo pou reponn yon sitasyon, yon konvokasyon, oswa yon lòt pwosedi legal, sòf si ou siyen yon otorizasyon esplicit, oubyen si yon tribinal bay lòd pou pataje enfòmasyon sa yo.
 - Enfòmasyon sou sante mantal. N ap pataje enfòmasyon sou sante mantal sèlman apre nou resevwa yon otorizasyon, oswa yon lòd tribinal, oubyen nan yon lòt sikonstans lalwa mande ak pèmèt sa. Pa egzanp, tout kominikasyon ant ou menm ak yon sikològ, yon sikyat, yon travayè sosyal, ak yon kategori terapè ak konseye, pral konsidere privilejye ak konfidansyèl, dapre lwa Connecticut ak lwa federal yo.
 - Dyagnostik sou pwoblèm pran dwòg ak enfòmasyon pou tretman. Si w ap resevwa tretman nan yon pwogram espesyal pou moun k ap pran dwòg (sa ki vle di tou, nan men yon founisè sèvis nan lokal nou yo ki espesyalize nan pwoblèm pran dwòg), tout dosye sou tretman sa a oswa sou lòt bagay ki anrapò avèk pwoblèm pran dwòg ou a ap pwoteje anba yon konfidansyalite ranfòse, ansanm ak restriksyon lwa federal ak lwa ak règleman Eta a mete ou pa pataje enfòmasyon sa yo (sa vle di tou, san se pa sa sèlman, limitasyon ki nan Pati 2 nan 42 C.F.R.). Nou pa gen dwa fè lòt moun konnen ou resevwa yon dyagnostik oswa tretman pou yon pwoblèm pran dwòg, ni bay okenn enfòmasyon sou tretman w, sòf si:
 1. Ou bay yon pèmasyon ekri pou sa;
 2. Gen lòd yon tribinal ki pèmèt nou fè sa; oswa
 3. N ap pataje enfòmasyon yo avèk pèsonnèl medikal nan yon ka ijans, oswa avèk pèsonnèl ki kalifye pou fè rechèch, odit, ak evalyasyon pwogram, oswa avèk yon antite ki gen kontwòl administratif sou yon pwogram lwa ak règleman Federal sa yo kouvri.

Konsantman – Ou mèt bay yon sèl konsantman pou chak fwa yo pral sèvi avèk, oubyen pataje dosye pwoteje sou moun ki pran dwòg, dapre Pati 2 nan 42 C.F.R la, pou fè tretman, oswa peman, ak / oswa aktivite pou swen sante. Si ou bay konsantman ou konsa, nou ka kontinye sèvi avèk, oswa pataje dosye pwoteje sa yo sou ou, dapre pèmasyon ki bay nan HIPAA ak nan Dokiman sa a, san nou pa bezwen mande konsantman ekri ou ankò.

Restriksyon sou Itilizasyon ak Pataj – Nou pa gen dwa sèvi avèk, oswa pataje dosye ou sou tretman pou dwòg ki pwoteje dapre Pati 2 nan 42 C.F.R la, ni enfòmasyon sou okenn temwayaj sou sa ki nan dosye sa yo, anrapò avèk okenn pwosedi sivil, kriminel, administratif, owa lejislatif kont ou san konsantman ou, sòf si se dapre lòd yon tribinal ki mache avèk yon sitasyon oswa avèk yon manda

legal ki gen menm valè (epi yon lòd konsa kapab bay sèlman apre yo ba ou yon notifikasyon ak yon chans pou yo tande w).

Vyolasyon – Si nou vyole lwa ak règleman federal ki kouvri konfidansyalite sou tretman pou pwoblèm pran dwòg, se yon krim. Vyolasyon ki sispèk yo kapab rapòte bay otorite konsène yo, dapre règleman federal yo. Lwa ak règleman federal yo pa bay pwoteksyon pou okenn enfòmasyon sou krim yon pasyan komèt, ni nan pwogram kont abi dwòg la, ni kont okenn moun k ap travay pou pwogram la, ni si yo fè menas pou komèt yon krim konsa. Lwa ak règleman federal pèmèt tou pou bay enfòmasyon sou abi ak neglijan yo sispèk sou timoun, pou yo rapòte ka sa yo bay otorite nan Eta a oswa minisipalite a, dapre lwa nan Eta a. Ou ka jwenn lwa ak règleman Federal ki gouvènè dosye sou tretman pou pwoblèm pran dwòg nan 42 U.S.C. § 290dd-2 ak 42 C.F.R., 2zyèm Pati.

- **Enfòmasyon ki anrapò avèk VIH.** Nou kapab pataje enfòmasyon ki anrapò avèk VIH dapre sa lalwa Connecticut pèmèt oswa mande. Pa egzanp, enfòmasyon sou ou ki anrapò avèk VIH kapab pataje, si gen ka, san pèmision w pou yo fè tretman, oswa kèk aktivite pou kontwòl sante, dapre yon lòd ki soti nan tribinal, oswa si gen anplwaye UCFS, oswa yon lòt moun, oswa yon patnè ou ki pran kontak avèk VIH la nan kèk sikonstans.
- **Minè.** N ap aplike lwa nan Connecticut yo pou nou sèvi avèk, oubyen pataje enfòmasyon sou sante minè. Pa egzanp, si ou se yon minè ki pako emansipe, epi ou aksepte yon sèvis sante ki anrapò avèk VIH/SIDA, maladi veneryèn, avòtman, tretman pou sante mantal kòm pasyan ekstèn, oswa tretman pou moun ki pran dwòg/bwè alkòl, epi ou pa mande nou gade yon lòt moun kòm reprezantan pèsonnèl ou, ou kapab gen dwa pou w bay pèmision pou nou sèvi avèk, oswa pataje enfòmasyon sou sante w ki anrapò avèk swen oubyen sèvis sa yo. ki anrapò avèk swen oubyen sèvis sa yo.

Kilè nou pa kapab sèvi avèk, ni pataje enfòmasyon sou sante w

Sòf jan sa esplike nan Notifikasyon sa a, oubyen jan lwa nan Connecticut ak lwa federal yo pèmèt, nou pa pral sèvi avèk, ni pataje enfòmasyon sou sante w san ou pa bay yon otorizasyon ekri pou sa.

Otorizasyon ekri ou bay la dwe presize ki jan ou chwazi pou ou pèmèt sèvi avèk, oubyen pataje enfòmasyon yo. Genyen kèk sikonstans limite kote UCFS ka aksepte fè yon tretman sèlman si li gen yon otorizasyon, tankou pou fè tretman ki anrapò avèk rechèch. Si ou vle otorize nou sèvi avèk, oubyen pataje enfòmasyon sou sante w pou lòt rezon pase pou fè tretman, peman, oswa aktivite pou swen sante, ou gen dwa ànile otorizasyon ou (oswa yon konsantman ou) bay la alekri nenpòt kilè; pou fè sa, kontakte Responsab UCFS sou Konfidansyalite a. Si ou ànile otorizasyon ou (oswa konsantman ekri ou) bay la, nou pa pral kontinye sèvi avèk, ni pataje enfòmasyon sou sante w pou rezon ki presize nan otorizasyon an, men ànilasyon an pa pral aji sou enfòmasyon nou te deja sèvi oubyen pataje dapre otorizasyon sa a anvan ànilasyon an.

Enfòmasyon sou sikoterapi

Yon otorizasyon siyen oswa yon lòd tribinal nesèsè pou pèmèt sèvi avèk, oubyen pataje enfòmasyon sou sikoterapi, sòf pou fè kèk tretman, oswa peman, oswa aktivite swen sante, ak pou UCFS sèvi pou tretman, oswa nan pwogram fòmasyon, oswa pou fè defans nan yon aksyon devan lajistis.

Komèsyalizasyon

Yon otorizasyon siyen nesèsè pou pèmèt sèvi avèk, oubyen pataje enfòmasyon sou sante w, lè objektif la se pou ankouraje ou achte oswa sèvi avèk yon pwodui oswa yon sèvis, sòf nan kèk sikonstans limite, tankou lè demach pou komèsyalizasyon an ap fèt fas a fas, oubyen lè komèsyalizasyon an genyen ladan li yon kado pou pwomosyon UCFS ki gen yon valè nominal. Yon otorizasyon pa nesèsè pou dekri yon pwodui oswa yon sèvis pou sante ki soti lakay nou; pou kominike avèk ou sou tretman w, oswa pou fè oubyen pou rekòmande altènativ pou tretman, terapi, founisè, oswa kote pou yo ba ou swen.

Vann enfòmasyon sou sante

Yon otorizasyon siyen nesèsè pou sèvi avèk, oubyen pataje enfòmasyon sou sante w, si UCFS ap resevwa yon peman dirèk oubyen endirèk pou sa, sòf nan kèk sikonstans lalwa gouvènman federal oswa lwa Eta Connecticut pèmèt.

Dwa ou genyen sou enfòmasyon sou sante w

Ou gen dwa ki ekri pi ba la yo, sou enfòmasyon sou sante w. Sa ki ekri la a, se yon deskripsyon kout ki di kouman ou gen dwa egzèse dwa sa yo.

- **Dwa pou mande restriksyon sou enfòmasyon sou sante w** - Gen restriksyon ak limit ou gen dwa mande mete sou ki enfòmasyon sou sante w nou ka sèvi avèk yo, oubyen pataje. Ou gen dwa mande yon restriksyon, oswa chanje yon restriksyon sou jan nou sèvi avèk, oubyen pataje enfòmasyon sou sante w; pou fè sa, ou dwe bay yon demann ekri ki presize kisa restriksyon an dwe ye. Ou mèt mande UCFS yon fòmilè pou Demann Restriksyon (Request for Restriction). Nou pa oblije aksepte restriksyon ou mande mete a, sòf si se pou pataje enfòmasyon sou sante w avèk yon plan sante, epi objektif la se pou fè yon peman oswa yon swen sante ki anrapò sèlman avèk yon swen oubyen yon sèvis UCFS deja fin touche pou li. Si nou dakò pou aksepte restriksyon an, n ap aji dapre sa ou mande a, sòf si nou bezwen fè yon tretman ijans pou ou. Si nou pataje yon enfòmasyon ki anba restriksyon, avèk yon founisè swen sante pou tretman ijans, n ap mande pou founisè sa a pa kontinye sèvi avèk enfòmasyon sa a apre, ni pataje li. Epiou, ou menm ak UCFS ka ànile restriksyon an, si nou fè lòt moun lan konnen alekri desizyon pou ànile restriksyon an. Sòf avèk pèmasyon ou, ànilasyon restriksyon an ap antre anvigè sèlman pou enfòmasyon sou sante ou bay oubyen nou resevwa apre ou fè nou konnen desizyon w pou ànile li.
- **Dwa pou resevwa enfòmasyon konfidansyèl** - Ou gen dwa mande pou yo fè aranjman rezonnab pou ou, sou jan ou resevwa kominikasyon sou enfòmasyon sou sante w. Ou gen dwa mande sèvi avèk yon altènativ kòm mwayen ak kote pou yo voye kominikasyon ba ou. Ou mèt voye yon demann ekri bay UCFS pou mande konfidansyalite pou kominikasyon ou. Ou mèt mande UCFS yon fòmilè pou Demann Konfidansyalite nan Kominikasyon.
- **Dwa pou gade, enspekte, ak kopye enfòmasyon sou sante w** - Ou gen dwa gade, enspekte, ak mande resevwa yon kopi (sou papye oubyen nan fòm elektwonnik) enfòmasyon sou sante w, ki sèvi pou yo pran desizyon sou swen sante w, pandan tout tan UCFS konsève enfòmasyon sa yo. Si nou konsève enfòmasyon ou yo elektwonnikman nan yon dosye separe, ou gen dwa mande yon kopi elektwonnik enfòmasyon sa yo. Pou gade, enspekte, ak kopye enfòmasyon sou sante w yo, ki kapab sèvi pou pran desizyon sou ou, ou dwe fè demann lan alekri nan UCFS. Si ou mande yon kopi enfòmasyon yo, nou ka fè w peye pou pare, kopye, ak voye yo nan lapòs, ansanm ak pou lòt depans nou kapab fè pou sa. Gen kèk sikonstans limite ki kapab lakòz nou refize yon pati, oubyen tout demann ou fè pou gade, enspekte, ak kopye enfòmasyon sou sante w yo. Si nou refize demann ou fè a, n ap ba ou yon espikasyon ekri sou rezon refi a. Ou ka gen dwa mande pou yon pwofesyonèl sante endepandan fè yon revizyon sou rezon refi a; nou pral chwazi moun sa a kòm responsab pou revizyon an. Moun sa a, se pa youn nan moun ki te patisipe nan premye desizyon ki refize demann ou fè a. Ou ka gen dwa tou pou mande yon apèl kont refi nou an nan yon tribinal. Se ou ki pral responsab pou tout depans, ak lajan tribinal, ak lajan avoka ki anrapò avèk yon refi tribinal la. Ou ta dwe mande konsèy yon avoka si ou enterese egzèse dwa ou devan yon tribinal.
- **Dwa pou modifiye enfòmasyon sou sante w** - Ou gen dwa mande modifiye enfòmasyon sou sante w yo, si enfòmasyon sa yo konsève nan UCFS oubyen pou UCFS. Ou dwe fè demann lan alekri nan UCFS, epi di rezon ki fè ou mande modifikasyon an. Ou mèt mande UCFS yon fòmilè pou Demann Modifikasyon. Si nou refize demann ou fè a, n ap ba ou yon refi ekri ki espikasyon rezon yo, ansanm ak dwa ou genyen pou voye yon deklarasyon ekri pou di ou pa dakò avèk refi a. Nou kapab konteste deklarasyon ki di ou pa dakò a. Si ou pa vle remèt yon deklarasyon ekri ki di ou pa dakò avèk refi a, ou gen dwa mande pou yo mete demann modifikasyon an, ansanm ak refi a, avèk tout enfòmasyon y ap pataje sou ou.
- **Dwa pou resevwa yon rapò ki montre chak fwa yo pataje enfòmasyon sou sante w** - Ou gen dwa mande yon rapò (yon lis) sou kèk nan enfòmasyon yo pataje sou sante w, si UCFS oswa lòt kote te pataje yo sou non w pandan sis (6) lane ki fenk pase yo. Pou mande resevwa rapò lè yo pataje enfòmasyon sa yo, ou dwe fè yon demann alekri. Premye rapò yo ba ou pandan yon peryòd douz mwa pral gratis. Nou ka mande w peye yon pri rezonnab, ki baze sou depans nou, pou chak lòt demann ou fè pou yon rapò pandan menm peryòd douz mwa a. Men sèlman, n ap ofri w yon chans pou ànile oswa modifiye demann ou fè pou resevwa rapò a, pou ou ka pa peye oubyen peye mwens pou sa. Si UCFS kenbe yon dosye elektwonnik sou sante w, rapò yo pral fèt sou dosye sante elektwonnik ki anrapò avèk tretman, oswa peman, oswa swen sante sèlman pou peryòd twa (3) lane ki anvan demann lan.
- **Dwa pou resevwa yon kopi Notifikasyon an sou papye** - Ou gen dwa mande yon kopi Notifikasyon sa a sou papye, menm si ou di ou dakò pou resevwa li elektwonnikman. Ou mèt mande UCFS yon kopi Notifikasyon an

nenpòt kilè. Epitou, ou ka jwenn yon kopi Notifikasyon sa a sou pòtay entènèt nou an, nan adrès www.ucfs.org.

- **Dwa pou depoze yon plent** - Ou mèten depoze yon plent nan biwo nou, oswa nan biwo Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Imen an (Secretary of the Department of Health and Human Services) si ou kwè nou vyole dwa konfidansyalite w. Si ou vle pote yon plent nan biwo nou, kontakte Responsab Konfidansyalite nou an (Privacy Officer) pou fè li konnen sa. Pa gen okenn aksyon ki pral pran kont ou, si ou depoze yon plent, epi n ap travay avèk ou toutotan nou kapab pou rezoud pwoblèm lan.
- **Kontak nan UCFS** - Si ou gen nenpòt kesyon sou Notifikasyon sa a, oswa ou ta vle kontakte UCFS sou nenpòt aspè nan Notifikasyon sa a oubyen sou Fòmilè yo nonmen nan Notifikasyon an, oubyen si ou ta vle depoze yon plent, ou mèten kontakte Responsab Konfidansyalite nan UCFS la, avèk enfòmasyon ki ekri pi ba la a:

United Community & Family Services, Inc.
34 East Town Street
Norwich, CT 06360
Attention: Sharon Laliberte, Privacy Officer
Telefòn: (860) 822-4148